

BAB II

ULIKAN TÉORI, RARAGA MIKIR, JEUNG HIPOTÉSIS

2.1 Ulikan Téori

2.1.1 Wangenan Modél Pangajaran

Nurutkeun Joyce&Weil (1980) dina Rahman (2006: 4) modél pangajaran (*model of teaching*) nya éta hiji rarancang anu digunakeun dina nyusun kurikulum, ngatur matéri pangajaran, jeung méré pituduh pikeun pangajar di kelas dina *setting* pangajaran atawa *setting* séjénna. Demi nurutkeun Kemp (1977) modél pangajaran téh nya éta hiji rarancang pangajaran (*design instructional*) nu digunakeun dina nangtukeun maksud jeung tujuan unggal topik pedaran (*goals topic, and purposes*), ngaanalisis karakteristik warga diajar (*leraner characteristic*), nyusun tujuan instruksional husus (*learning objectives*), milih eusi pangajaran (*subject content*), milampah pratés (*pre assessment*), milampah kagiatan ngajar-diajar/sumber pangajaran (*teaching learning activities/resources*), ngarojong (*support services*), évaluasi (*evaluation*), jeung nyieun révisi (*revise*) (Rahman, 2007: 4).

Sudaryat & Rahman (2009: 5) nétélakeun yén modél pangajaran minangka pola atawa rarancang pangajaran nu nganteurkeun jeung ngarojong siswa pikeun nyangking informasi, kaparigelan, nilai-nilai, jeung cara mikir. Modél pangajaran sorangan diwangun dumasar kana tilu hal poko, nya éta bahan, struktur, jeung fungsina.

Dumasar kana sababaraha pamadegan di luhur, bisa dicindekkeun yén modél pangajaran téh nya éta rarancang pangajaran nu ngatur jeung nangtukeun prosés ngajar-diajar ti mimiti nataharkeun nepi ka ngaévaluasi hasil diajar. Modél pangajaran anu digunakeun tangtuna disaluyukeun jeung kabutuhan pangajaran. Upama dina pangajaran basa, modél pangajaran tangtuna disaluyukeun jeung kaparigelan basa nu baris diajarkeun. Dina kaparigelan nulis, modél CIRC (*Cooperative Integrated Reading and Composition*) bisa digunakeun.

2.1.2 Komponén Modél Pangajaran *Cooperative Integrated Reading and Composition (CIRC)*

2.1.2.1 Oriéntasi

Salasahiji udagan pangajaran basa Sunda nya éta siswa paham kana wangun, ma'na, jeung fungsi, katut parigel dina ngagunakeunana saluyu jeung kontéks (udagan, kaperluan, jeung kaayaan). Dumasar kana *Standar Kompetensi dan Kompetensi Dasar (SKKD)*, udagan pangajaran nulis pikeun SMA nya éta siswa mampuh ngébréhkeun pikiran, rasa, jeung kahayang dina rupaning karangan prosa (surat, biografi, warta, pedaran, éséy, révéni buku, carita pondok, laporan, puisi -sajak, guguritan, sisindiran) jeung téks drama jeung mampuh nulis tarjamahan kana basa Sunda, jeung ngagunakeun aksara Sunda.

Udagan nulis di SMA nu sakitu poharana saéstusna pagedrug jeung héséna diajar jeung ngajarkeun nulis éta sorangan. Sakumaha nu ditétélakeun ku Heaton dina Rahman (2006:2), *'The writing skills are complex and sometimes difficult to teach, requiring mastery not only of grammatical and rhetorical devices but also of conceptual and judgemental elements'*.

Naon nu ditepikeun ku Heaton di luhur mémang saluyu jeung *hierarki* kaparigelan basa, nya éta ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Dumasar kana éta opat kaparigelan basa, nulis téh minangka kaparigelan pangahirna atawa pangluhurna. Sabab, saméméh siswa bisa ngawasa kaparigelan atawa kamampuh nulis, siswa kudu ngawasa kaparigelan-kaparigelan séjénna leuwih ti heula. Ku kituna, siswa nu mampuh nulis biasana miboga kamampuh nyarita nu hadé lantaran geus bisa nepikeun naon nu aya dina pipikiranana. Ieu hal tangtu bakal ngarojong kana prosés diajar siswa dina mata pelajaran séjénna lantaran nulis téh lir ibarat nyangcang sato sangkan teu kabur. Hartina, élmu nu dicangking moal 'kabur' upama dituliskeun.

Dina perkara kaparigelan nulis, sajaba ti masalah héséna diajar ogé aya dina masalah modél ngajarna. Saéstuna geus kudu jadi hiji hal nu pasti upama modél ngajar jeung diajar nulis téh dumasar kana hasil panalungtikan. Tapi, kanyataan di lapangan masih saeutik guru nu ngagunakeun modél diajar nulis nu dumasar kana hasil panalungtikan. Saéstuna pohara modél pangajaran nu bisa

Aditya Ruganda, 2013

Modél CIRC (Cooperative Integrated Reading And Composition) Dina Pangajaran Nulis Éséy (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XII IPA 1 SMAN 6 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

dilarapkeun dina pangajaran nulis, salasahijina nya éta *Cooperative Integrated Reading and Composition* (CIRC).

Nurutkeun Joyce & Weil (1972) (Sudaryat & Rahman, Ed., 2009: 5), modél pangajaran bisa digolongkeun kana opat wanda, nya éta (1) *Model Pemrosesan Informasi* (*The information processing family*), (2) *Model Personal* (*The personal family*), (3) *Model Sosial* (*The social family*), jeung (4) *Model Behavioral* (*The behavioral family*). Modél pangajaran CIRC sorangan bisa kagolong kana wanda modél sosial alatan ieu pangajaran museur kana mekarkeun kamampuh siswa sangkan aktif dina gawé bareng jeung prosés démokrasi tur produktif dina kahirupan masarakat ngaliwatan aspék kahirupan sosial.

Nurutkeun Slavin (Hengnurwida, 2011: 26), ieu modél téh miboga 7 (tujuh) komponén saperti ieu di handap.

- 1) *Teams*, nya éta ngawangun kelompok sacara hétérogén anu diwangun ku 4 (opat) atawa 5 (lima) siswa.
- 2) *Placement test*, pangwangunan kelompok bisa dumasar kana peunteun ulangan harian saméméhna atawa dumasar kana peunteun rapot sangkan guru mikaweruh kaonjongan jeung kahéngkérangan siswa dina widang nu tangtu.
- 3) *Student creative*, ngalaksanakeun pancén dina hiji kelompok kalawan nyiptakeun situasi nu ngarojong kana kasuksésan kelompokna.
- 4) *Team study*, nya éta tahapan diajar nu dilaksanakeun ku kelompok demi guru nungtun ka kelompok anu kurang berhasil dina ngaréngsékeun pancén.
- 5) *Teaching group*, nya éta méré matéri sacara singget ti guru saméméh ngabagi pancén kelompok.
- 6) *Facts test*, ngayakeun tés dumasar kana fakta anu aya.
- 7) *Whole-class units*, nya éta prosés ngarangkum matéri ku guru di ahir pangajaran kalawan strategi *problem solving*.

Nurutkeun Hengnurwida (2011: 27), ieu modél miboga kaonjongan, di antarana:

- 1) salila prosés diajar, siswa bébas nepikeun pamadeganana;

Aditya Ruganda, 2013

Modél CIRC (Cooperative Integrated Reading And Composition) Dina Pangajaran Nulis Éséy (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XII IPA 1 SMAN 6 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

- 2) kagiatan nu dipilih saluyu jeung kahayang jeung kabutuh siswa;
- 3) dina prosés pangajaran, siswa diperedih sangkan bisa gawé bareng, silih rojong, silih ajénan, jeung miboga sikep tanggung jawab;
- 4) dina pangalaman jeung kagiatan diajar siswa salawasna bakal saluyu jeung tingkat kamampuhna;
- 5) pangajaran nu mibanda sipat *terpadu* bisa numuwuhkeun kaparigelan mikir kritis siswa;
- 6) kagiatan diajar dina kelompok leuwih miboga ma'na pikeun siswa nu bisa ngaronjatkeun hasil diajarna; jeung
- 7) ngalatih siswa sangkan leuwih aktif jeung parigel.

2.1.2.2 Léngkah Kagiatan Pangajaran (*Syntax*)

Prosedur pangajaran nyoko kana runtuyan léngkah kagiatan pangajaran (sintaks) atawa léngkah-léngkah pangajaran. Prosedur pangajaran CIRC mibanda tahap-tahap jeung léngkah-léngkah saperti ieu di handap.

- | | |
|-----------|--|
| Tahap I | <p>Oriéntasi Modél</p> <ol style="list-style-type: none"> 1) Muka pangajaran 2) Nepikeun udagan jeung program kagiatan 3) Apersépsi 4) Nataharkeun siswa pikeun diskusi kelompok 5) Medar conto téks éséy |
| Tahap II | <p>Éksplorasi Modél</p> <ol style="list-style-type: none"> 1) Maca téks babarengan dina kelompok 2) Ngadiskusikeun eusi, ciri, jeung struktur éséy 3) Nepikeun hasil diskusi tiap kelompok |
| Tahap III | <p>Aplikasi Modél</p> <ol style="list-style-type: none"> 1) Tahap Pranulis: <ol style="list-style-type: none"> a) Nangtukeun téma |

Aditya Ruganda, 2013

Modél CIRC (Cooperative Integrated Reading And Composition) Dina Pangajaran Nulis Éséy (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XII IPA 1 SMAN 6 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)
 Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

- b) Nangtukeun poko-poko éséy kana rangka karangan
- 2) Tahap Nulis
 - a) Mekarkeun rangka karangan jadi paragraf
 - b) Nulis draf awal éséy (minimal 3 paragraf)
- 3) Tahap Pascanulis
 - a) Mariksa jeung ngaropéa éséy sorangan
 - b) Nulis draf ahir wacana éséy

Tahap IV Konsékuénsi Modél

- 1) Tahap Kolaboratif
 - Mariksa éséy hasil babaturan sakelompok
- 2) Tahap Tulis-ulang
 - a) Ngarévisi éséy dumasar kana hasil mariksa babaturan
 - b) Nulis ulang éséy
- 3) Tahap Réfléksi
 - a) Sikep siswa kana prosés diajar
 - b) Mariksa kamampuh ahir siswa

Sacara gurat badag, aya 6 (genep) léngkah dina modél pangajaran CIRC, nya éta:

- 1) guru nangtukeun kelompok nu diwangun ku opat urang siswa sacara *heterogen*;
- 2) guru méré wacana/téks saluyu jeung bahan pangajaran;
- 3) siswa silih macakeun jeung nangtukeun ide poko tuluy méré pamadegan kana éta wacana/téks nu ditulis dina lembar jawaban;
- 4) siswa macakeun hasil gawé kelompok;
- 5) babarengan siswa jeung guru nangtukeun kacindekan; jeung
- 6) guru macakeun kacindekan (Rahman, 2007: 11).

2.1.2.3 Sistem Sosial Kelas

Sistem sosial kelas dina modél CIRC bisa mibanda 6 (genep) ciri, nya éta (a) kolaborasi, (b) udagan/tujuan, (c) minat/kahayang siswa, (d) pangalaman siswa, (e) *holisme*, jeung (f) pangrojong.

Kahiji, kelas nulis kalawan ciri kolaborasi ditandaan ku ayana kagiatan nu optimal, boh siswa-siswa boh siswa-guru, dina lumangsungna prosés ngajar-diajar. Salila ieu prosés, guru mibanda peran salaku organisator, fasilitator, jeung mediator nu nyiptakeun kaayaan komunikasi ngaliwatan prosés kolaborasi

Kadua, ciri udagan/tujuan nyoko kana siswa nu aktif dina kagiatan nulis. Guru kudu miboga udagan husus dina ahir pangajaran. Naon nu jadi udagan jeung harepan tina ieu ahir unit jadi dasar pikeun nangtukeun suksés-henteuna prosés ngajar-diajar.

Katilu, ciri kahayang/minat nyoko kana topik atawa téma nu matak ngirut siswa. Dina milih bahan, kahayang siswa kudu jadi bahan tinimbangan nu utama. Antusiasme jeung rasa senang bisa jadi konci nu utama pikeun kasuksésan prosés ngajar-diajar.

Kaopat, ciri pangalaman nyoko kana pangalaman siswa nu bakal méré dorongan nu tangtu dina nulis. Pangalaman siswa nu patali jeung topik/téma bakal mangaruhan kana prosés ngajar-diajar lantaran bisa jadi modal jeung kahayang/minat.

Kalima, ciri *holisme* nyoko kana kagiatan nulis salaku hiji beungkeutan. Nulis minangka rinéka kaparigelan ngeunaan aturan kosakecap, éjahan, tata kalimah, jeung paragraf. Pangajaran nulis nu dipisah-pisah henteu ngabalukarkeun siswa bisa nulis kalawan gancang, tapi ukur apal ngeunaan nulis sacara teu lengkep jeung teu fungsional.

Kagenep, pangrojong bakal ngarojong kana kelas nulis nu hadé jeung komunikatif. Guru kudu ngarojong (méré *support*) siswa sangkan wani ngébréhkeun pamadeganana nu saluyu jeung téma/topik tulisan sangkan komunikasi dina nulis di kelas lumangsung kalawan hadé, lancar, alamiah (*natural*) sakumaha komunikasi nu lumangsung di masarakat (Nurjanah dina Sudaryat & Rahman, Ed., 2009: 157-158).

Aditya Ruganda, 2013

Modél CIRC (Cooperative Integrated Reading And Composition) Dina Pangajaran Nulis Éséy (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XII IPA 1 SMAN 6 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

2.1.2.4 Prinsip Réaksi

Pangajaran nulis bisa dilaksanakeun kalawan éféktif upama diatur kalawan profésional dumasar kana udagan nu geus ditangtukeun jeung siswa bisa aktif salila éta prosés pangajaran. Rinéka modél nu dilarapkeun dina pangajaran bisa ngajauhkeun siswa tina rasa bosen. Sajaba ti ngalarapkeun rupa-rupa modél, ngarojong siswa sangkan aktif ngébréhkeun jeung mekarkeun pamadeganana bisa nimbulkeun sumanget diajar lantaran siswa teu asa dikurung jeung bébas nuliskeun nu jadi pamadeganana. Antukna, pangajaran nulis bisa éféktif.

Salila lumangsungna prosés ngajar-diajar, siswa gawé bareng jeung babaturanana pikeun ngungkulan masalah sacara kooperatif jeung kolaboratif. Ieu hal ngabaluarkeun siswa miboga kasempetan pikeun méré jeung narima dina hiji prosés nu tepung gelang pikeun kasimbangan jeung ngawangun *skemata* (struktur kognitif) (Nurjanah dina Sudaryat & Rahman, Ed., 2009: 157-158). Ieu hal mibanda prinsip yén ngaliwatan pamarekan basa nu gembleng, siswa dipiharep bisa diajar maca jeung nulis sakumaha diajar nyarita waktu budak, nya éta diajar kalawan tahapan nu tangtu. Ku kituna, diperlukeun lingkungan diajar nu komunikatif jeung kolaboratif.

2.1.2.5 Pangaruh Pangajaran (*Instructional Effect*)

Kaparigelan siswa nu bisa dimekarkeun ngaliwatan ieu pangajaran ngawengku (a) ngébréhkeun pamadegan, (b) nyusun pamadegan kana rangka karangan, (c) diskusi, (d) analisis masalah, (e) komunikasi, jeung (f) nyindekkeun.

2.1.3 Nulis

2.1.3.1 Wangenan Nulis

Nulis minangka salasahiji kaparigelan basa nu mibanda sipat produktif lantaran hasil ahir tina nulis téh mangrupa karya tulis atawa tulisan. Tulisan kawangun ku wangun jeung eusi. Wangunna mangrupa pedaran, runtuyan, nepikeun pipikiran ngaliwatan runtuyan kecap jeung kalimah. Demi eusina nya éta pamadegan, pipikiran, kahayang nu ditepikeun ngaliwatan tulisan tadi

(Kuncoro, 2009:25). Ku kituna, harti paling dasar tina nulis téh nya éta nepikeun pamadegan (Charlie, 2006: 64).

Demi nurutkeun Emilia (2010:13) nulis téh patali jeung manggihan pamadegan atawa pipikiran, ngaruntuykeun éta pamadegan atawa pipikiran, jeung nuliskeun ngaliwatan kekecapan anu merenah pikeun ngébréhkeun éta pamadegan. Nurjanah (2008:7) nétélakeun yén nulis téh nurunkeun lambang-lambang grafik anu ngagambarkeun gembleran basa hiji jalma. Saluyu jeung Charlie (2006:101) nu nyebutkeun yén tulisan téh pipikiran anu ditepikeun ngaliwatan lambang-lambang. Ku kituna, bisa dicindekkeun yén nulis téh minangka jalan pikeun ngébréhkeun pamadegan atawa pipikiran jalma anu diturunkeun dina wangun lambang-lambang nepi ka gembleran basa hiji jalma.

Dumasar kana pedaran di luhur, bisa disebutkeun hasil nulis téh mangrupa tulisan. Ieu istilah baris digunakeun pikeun pedaran saterusna.

2.1.3.2 Fungsi jeung Tujuan Nulis

Fungsi utama nulis dumasar kana wangenan nu geus ditétélakeun di luhur taya lian nya éta pikeun komunikasi. Ngaliwatan nulis, nu nulis bisa nepikeun naon nu aya dina pipikiranana najan sacara teu langsung. Nulis ogé bisa mantuan kana tumuwuhna prosés mikir nu kritis. Prosés mikir nu kritis tangtu diperlukeun dina dunya atikan, hususna ku siswa, lantaran kamampuh mikir sacara kritis bakal mekarkeun daya persépsi jeung dibutuhkeun pikeun ngungkulan masalah-masalah nu disasnghareupan. Dina enas-enasna, diajar nulis téh sarua jeung diajar mikir ku cara nu tangtu (Tarigan, 2008: 22).

Tujuan nulis sorangan bisa diwincik jadi sababaraha rupa, di antarana: (1) tujuan migawé pancén nya éta nulis nu udaganana pikeun ngaréngsékeun pancén; (2) tujuan alturistik nya éta tulisan anu tujuanana pikeun ngahibur nu maca nu disebut ogé wacana kasusastraan; (3) tujuan persuasif nya éta tulisan pikeun ngayakinkeun kanu maca ngeunaan pamadegan nu diébréhkeun; (4) tujuan informasional nya éta tulisan anu tujuanana pikeun mere informasi/wawaran; (5) tujuan ngawanohkeun diri nya éta tulisan anu tujuanana pikeun ngawanohkeun diri nu nulis disebut ogé wacana éksprési; (6) tujuan kréatif aya patalina jeung

tujuan ngawanohkeun diri tapi dideudeul ku ajén-inajén artistik; jeung (7) tujuan ngungkulan masalah nya éta tulisan anu tujuanana pikeun ngungkulan masalah anu disanghareupan. (Hartig dina Tarigan, 2008: 25-26)

2.1.3.3 Wangun Tulisan

Dumasar kana wangun jeung eusina, tulisan kabagi jadi dua rupa, nya éta tulisan fiksi jeung nonfiksi (Romli dina Kuncoro, 2009:25). Fiksi nya éta tulisan nu dumasar kana imajinasi, lamunan, tapi dumasar kana pipikiran nyata. Ieu tulisan ditepikeun kalawan ngagunakeun basa anu euyeub ku gaya basa atawa basa sastra. Anu kaasup kana ieu tulisan kayaning carita pondok, novel, sajak, jeung sajabana.

Tulisan nonfiksi nya éta tulisan nu dumasar kana data jeung fakta. Eusina ditepikeun ngagunakeun basa nu écés jéntré tina harti teu ngagunakeun basa sastra najan aya sababaraha nu némbongkeun ‘rasa’ sastra, hususna dina tulisan éséy. Nu kaasup kana ieu tulisan nya éta reportase, éséy, artikel opini, jeung kolom.

Saéstuna sakabéh tulisan anu aya dina kalawarta, koran, atawa media séjénna nu teu mangrupa warta bisa disebut artikel. Artikel sorangan mibanda harti karangan nu aya dina kalawarta, koran, jeung sajabana. Demi nu ngabédakeunana salasihijina nya éta tempat ditulisna. Sakumaha anu ditétélakeun ku Komara jeung Subarkan (Kuncoro, 2009: 26):

Jika artikel itu dimuat pada halaman opini, disebut "artikel opini". Bila diletakkan di halaman seni, hiburan, atau di majalah, diebut "esai". Bila diuat di kolom khusus redaksi, diberi nama "tajuk rencana", dan jika dimuat sebagai kolom analisis di halaman pertama surat kabar atau kolom pakar di majalah, disebut "kolom".

Demi nu disebut warta atawa *reportase* mah nya éta laporan lengkep atawa *interpretative* nu mangrupa *pemberitaan penyelidikan (investigative reporting)* salaku hasil tina pedaran fakta-fakta (Taufik dina Kuncoro, 2009: 26). Reportase mibanda tilu tahap, nya éta *reportase dasar* nu ngahasilkeun *berita langsung (straight news)*, *reportase madya* nu ngahasilkeun *berita-kisah (news*

Aditya Ruganda, 2013

Modél CIRC (Cooperative Integrated Reading And Composition) Dina Pangajaran Nulis Éséy (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XII IPA 1 SMAN 6 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

feature), jeung *reportase lanjutan* ngahasilkeun *berita analisis (news analysis)* (Denjaka dina Kuncoro, 2009: 26).

2.1.4 Tulisan Éséy

2.1.4.1 Wangenan jeung Ciri-ciri Éséy

Éséy nya éta tulisan singget nu ngébréhkeun pamadegan panulis ngeunaan jejer nu tangtu (Kuncoro, 2009:29). Demi nurutkeun Charlie (2006:13) éséy téh nya éta sebutan pikeun tulisan anu témana aya patalina jeung kasusastraan atawa budaya jeung miboga ajén luhur (utamana dina jerona nyukcruk téma jeung kaéndahan basana).

Éséy bisa diwincik jadi 3 (tilu) wincikan, nya éta (1) bubuka anu eusina kasang tukang informasi nu nétélakeun jejer pedaran jeung panganteur ngeunaan jejer, (2) *body* éséy nu medar jejer kalawan gembleng, jeung (3) konklusi anu medar kacindekan ku cara ngaringkes *body* éséy atawa nambahan sababaraha observasi ngeunaan jejer. Demi ngeunaan ukuran éséy, aya nu nyebutkeun bébas, sedeng, jeung bisa dibaca ‘sekali duduk’. Malah nurutkeun Sudaryat & Nurhayati (2006: 56) mah éséy téh sarua jeung paragraf nu medar ngeunaan hiji perkara. Demi eusi éséy bisa mangrupa analisis atawa pedaran.

2.1.4.2 Wangun jeung Léngkah-léngkah Nulis Éséy

Nurutkeun Duniaesai (Kuncoro, 2009:30), éséy bisa dibédakeun jadi saperti ieu di handap.

- 1) Éséy déskriptif nya éta éséy anu tujuanana nyiptakeun gambaran ngeunaan tempat, manusa atawa barang. Wangun ieu éséy ngawengku gambaran sacara jero dina runtuyan nu tangtu pikeun mawa pamaca kana visualisasi jejer.
- 2) Éséy ékspositori nya éta éséy anu medar jejer. Biasana dideudeul ku pedaran ngeunaan prosés, ngabandingkeun, maluruh patalina sabab-akibat, medar ngagunakeun conto, ngabagi tur ngawincik.
- 3) Éséy naratif nya éta éséy anu ngagambarkeun pipikiran ku cara dicaritakeun. Kajadian anu dicaritakeun biasana dipedar dumasar kana runtuyan waktu kajadian.

- 4) Éséy persuasif nya éta éséy anu tujuanana ngarobah pamadegan atawa ngamotivasi pamaca sangkan ilubiung dina aksi. Ieu éséy biasana mibanda kesan émosional.
- 5) Éséy dokuméntatif nya éta éséy nu méré informasi dumasar kana panalungtikan dina hiji institusi atawa otoritas nu tangtu.

Demi nu jadi léngkah-léngkah dina nulis karangan éséy sakumaha nu ditétélakeun ku Haerudin (2011: 52), nya éta:

- 1) ngumpulkeun bahan ku cara maca rupa-rupa buku, koran, majalah, atawa mun perlu bisa ku wawancara atawa survey;
- 2) nangtukeun pijuduleun. Judul teu kudu panjang, pondok tapi ngagambarkeun pasualan anu dipedar;
- 3) nyusun rangkay karangan sangkan dina medarna méréélé jeung puguh heula pandeurina; jeung
- 4) mekarkeun éta rangkay karangan nepi ka jadi karangan anu gembleng.

2.1.5 Analisis Kasalahan Basa

2.1.5.1 Wangenan jeung Watesan Analisis Kasalahan

Analisis atawa *analysis* nya éta “*study of something by examining its parts*” (Oxford, 2011:14). Hartina, analisis téh nya éta proses nalungtik hiji perkara dina wangun wincikanana/bubuk leutikna ku cara ngajén, maluruh atawa mariksa. Kasalahan nya éta sisi anu cacad tina omongan atawa tulisan. Demi anu dimaksud kasalahan basa sorangan nya éta ‘bagian konversasi atawa komposisi nu méngpar tina sababaraha aturan nu tangtu tina performansi basa nu sakuduna’ (Dulay dina Tarigan & Tarigan, 2011:126).

Nurutkeun Tarigan & Tarigan (2011:63) dina prak-prakan nganalisis kasalahan basa téh miboga léngkah-léngkah siga ieu di handap:

- 1) ngumpulkeun data nu mangrupa kasalahan basa nu dipilampah ku siswa, bisa tina hasil ulangan, karangan, atawa paguneman,
- 2) ngaidéntifikasi jeung nglasifikasi kasalahan basa dumasar kana wangun kasalahanana, kayaning salah dina ucapan, ngawangun kecap, atawa nyusun kalimah,

Aditya Ruganda, 2013

Modél CIRC (Cooperative Integrated Reading And Composition) Dina Pangajaran Nulis Éséy (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XII IPA 1 SMAN 6 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

- 3) ngaruntuykeun kasalahan dina tempatna, kasang tukang kasalahan, jeung méré conto nu bener,
- 4) ngajelaskeun kasalahan kayaning ngagambarkeun tempat kasalahan, kasang tukang kasalahan, jeung méré conto nu bener,
- 5) ngira-ngira atawa nyawang naon baé nu sakirana bakal ngadatangkeun kasalahan tina basa nu keur dijarkeun, jeung
- 6) ngalempeng atawa ngabebener nepi ka ngaleungitkeun kasalahan ku cara nyusun bahan nu luyu, buku sumber nu hadé, jeung model pangajaran nu merenah.

Cindekna, analisis kasalahan basa téh nya éta prosés anu dipilampah pikeun maluruh perkara anu cacad atawa teu merenah dina pamakéan basa (kompetensi jeung performansi) ngaliwatan léngkah-léngkah nu tangtu. Anu dimaksud kasalahan basa di dieu nya éta kasalahan basa nu mibanda sipat sistematis, konsistén tur cacad.

Dina analisis kasalahan basa, geus sakuduna dipaluruh sacara gembleng tur nyoksrok jero kunaon alesanana éta kasalahan bisa kapilampah ku siswa; boh performansi (pamakéan) boh kompetensi (pangaweruh) nepi ka bisa ngawincik kasalahan sangkan bisa ngarumuskeun piluangeunana. Tapi, dina ieu tulisan, panulis ukur maluruh kasalahan siswa dina kompetensi basa, hususna basa tulis, nu kagambar dina karangan éséy.

2.1.5.2 Wanda Kasalahan Basa

Dina nganalisis kasalahan basa pikeun ieu panalungtikan, panalungtik ngagunakeun model analisis nu dasarna tina “taksonomi kategori linguistik” sakumaha nu dipedar ku Tarigan & Tarigan (2011:178). Unsur-unsur anu kaasup kana taksonomi kategori linguistik téh nya éta:

- 1) *fonologi*, anu ngawengku *omongan* pikeun basa lisan, jeung *éjahan* pikeun basa tulis;
- 2) *morfologi*, anu ngawengku *prefiks*, *infiks*, *sufiks*, *konfiks*, *simulfiks*, jeung *kecap rajékan*;
- 3) *sintaksis*, anu ngawengku *frasa*, *klausa*, *kalimah*; jeung

Aditya Ruganda, 2013

Modél CIRC (Cooperative Integrated Reading And Composition) Dina Pangajaran Nulis Éséy (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XII IPA 1 SMAN 6 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

4) *léksikal* atawa *pilihan kecap*.

Kasalahan léksikal nya éta kasalahan dina pamakéan kecap anu henteu atawa kurang merenah (Tarigan & Tarigan, 2011:185). Anu kaasup kana kasalahan léksikal sajaba ti pilihan kecap (diksi) téh nya éta gejala hiperkorék, gejala pléonasme, jeung ambiguitas. Pikeun kabutuhan ieu tulisan, ngan ukur gejala hiperkorék jeung gejala pléonasme nu baris dipedar.

2.1.5.3 Gejala Hiperkorék

Nurutkeun Pernis dina Yunengsih (2008: 14) gejala hiperkorék atawa *over elegant* téh nya éta prosés ngawangun nu bener di satukangeun nu bener. Hartina, kecap anu geus bener tuluy dibebener deui nu antukna jadi salah. Ieu gejala némbongkeun hal anu salah, boh dina ucapan boh dina éjahan.

Gejala hiperkorék bisa karandapan ku pamaké basa, kaasup pamaké basa Sunda. Ieu gejala téh utamana dibalukarkeun ku kurangna pangaweruh basa nu makéna. Dina basa Sunda sorangan mémang aya istilah varian bébas (alternan) nya éta variasi tina cara ngucapkeun sora basa ku sora basa séjénna dina distribusi kompléméntér (Sudaryat, 2010:80). Ieu variasi biasana ditangtukeun ku lingkungan artikulasi nu sarua, najan hartina mah teu robah jeung bisa dilarapkeun boh kana vokal (bagentén vokal) boh kana konsonan (bagentén konsonan).

Nurutkeun Sudaryat (2010:80-82), varian bébas (alternan) dina basa Sunda téh mibanda pola kayaning ieu di handap.

1) Varian Bébas atawa Bagentén Vokal

(a) Vokal /u/ baganti jeung vokal /o/, /e/, jeung /a/. Contona:

/u/ - /o/	:	/surung/ → /sorong/
/u/ - /e/	:	/pungkur/ → /pengker/
/u/ - /a/	:	/sebut/ → /sebat/

(b) Vokal /a/ baganti jeung vokal /i/, /é/, jeung /u/. Contona:

/a/ - /i/	:	/utama/ → /utami/
/a/ - /é/	:	/begang/ → /begéng/
/a/ - /u/	:	/begang/ → /begung/

Aditya Ruganda, 2013

Modél CIRC (Cooperative Integrated Reading And Composition) Dina Pangajaran Nulis Éséy (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XII IPA 1 SMAN 6 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

(c) Vokal /i/ baganti jeung vokal /é/. Contona:

/i/ - /é/ : /itung/ → /étang/

(d) Vokal /eu/ baganti jeung vokal /e/ jeung /é/. Contona:

/eu/ - /e/ : /heueuh/ → /heeh/

/eu/ - /é/ : /ceuk/ → /cék/

(e) Vokal /o/ baganti jeung vokal /é/. Contona:

/o/ - /é/ : /nongtot/ → /néngtét/

2) Varian Bébas atawa Bagentén Konsonan

(a) Konsonan /b/ baganti jeung konsonan /w/, /r/, jeung /h/. Contona:

/b/ - /w/ : /belas/ → /welas/

/b/ - /r/ : /babut/ → /rabut/

/b/ - /h/ : /banjat/ → /hanjat/

(b) Konsonan /p/ baganti jeung konsonan /k/. Contona:

/p/ - /k/ : /pompa/ → /kompa/

(c) Konsonan /c/ baganti jeung konsonan /j/ jeung /w/. Contona:

/c/ - /j/ : /carang/ → /jarang/

/c/ - /w/ : /caringin/ → /waringin/

(d) Konsonan /k/ baganti jeung konsonan /g/ jeung /r/. Contona:

/k/ - /g/ : /kumasép/ → /gumasép/

/k/ - /r/ : /waka/ → /wara/

(e) Konsonan /h/ baganti jeung konsonan /s/. Contona:

/h/ - /s/ : /heug/ → /seug/

/h/ - /s/ : /hang/ → /sang/

(f) Konsonan /r/ baganti jeung konsonan /d/, /l/, /c/, jeung /b/. Contona:

/r/ - /d/ : /iser/ → /ised/
/r/ - /l/ : /raris/ → /laris/
/r/ - /c/ : /ragap/ → /cagap/
/r/ - /b/ : /ruhun/ → /buhun/

Pola-pola variasi di luhur némbongkeun yén basa Sunda beunghar ku variasi jeung kandaga kecap. Tapi, teu salawasna variasi nu aya téh bener atawa kaasup kana hiperkorék Kayaning dina konsonan /s/ - /sy/ dina kecap /masarakat/ → /masyarakat/, /sarat/ → /syarat/, jeung /surga/ → /syurga/. Kitu ogé dina vokal /eu/ - /é/ dina kecap /nguseup/ → /ngusép jeung /eu/ - /e/ dina kecap /taneuh/ → /taneh/. Ku kituna, upama aya parobahan atawa variasi sora basa ku sora basa séjén nu teu luyu jeung pola nu geus aya jeung ngabalukarkeun harti anu béda atawa jadi teu mibanda harti, najan padeukeut artikulasina, bisa kaasup kana hiperkorék.

2.1.5.4 Gejala Pléonasme

Pleonasmus (basa Latin) atawa pléonasme mibanda harti kecap anu kaleuwihan. Upama dina gaya basa, pléonasme disebut gaya basa kadalon. Gaya basa kadalon nya éta rakitan basa anu ngagunakeun kecap-kecap pikeun ngébréhkeun maksud atawa pikiran leuwih tina mistina. Anu geus diécéskeun diécéskeun deui (Sudaryat, 2010:130).

Upama disawang tina gaya basa, pléonasme teu jadi masalah lantaran geus jadi rakitan basa nu matok. Tapi, upama disawang tina perkara kaéfektifan basa, hususna pikeun siswa nu keur diajar basa, hadéna gejala pléonasme téh disingkahan. Lantaran teu sakabéh basa nu mibanda pléonasme bisa digolongkeun kana gaya basa, tapi kagolong kana klausa atawa kalimah anu teu éféktif. Nurutkeun Subaker dina Supekta (2010) aya 3 (tilu) rupa anu kagolong kana pléonasme, nya éta:

1) Pamakéan dua kecap atawa leuwih nu mibanda harti nu sarua. Contona:

Aditya Ruganda, 2013

Modél CIRC (Cooperative Integrated Reading And Composition) Dina Pangajaran Nulis Éséy (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XII IPA 1 SMAN 6 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

- silih pateunggeul-teunggeul ← silih teunggeul, pateunggeul-teunggeul
 - sangkan supaya lulus ← sangkan lulus, supaya lulus
- 2) Pamakéan kecap kadua nu teu diperlukeun deui lantaran geus kawakilan ku kecap saméméhna. Contona:

- Manéhna tungkul ka handap, nempo kana indung sukuna.
kuduna

- Manéhna nempo ka handap kana indung sukuna.

atawa

- Manéhna tungkul nempo indung sukuna.

3) Kecap jamak anu dituliskeun dua kali. Contona:

- para bapa-bapa sareng ibu-ibu ← para bapa sareng ibu, bapa-bapa sareng ibu-ibu

- sababaraha sumber-sumber sajarah ← sababaraha sumber, sumber-sumber sajarah

2.2 Raraga Mikir

Dumasar kana ulikan téori di luhur, modél pangajaran CIRC téh luyu upama dilarapkeun dina pangajaran basa kaparigelan nulis. Nulis éséy minangka kaparigelan nu kudu diacangking ku siswa. Demi masalah anu disanghareupan ku siswa dina nulis éséy téh lain ukur perkara struktur tulisanana, tapi ogé dina perkara kaéféktifan kalimah, hususna dina wanda kasalahan léksikal; gejala hiperkorék jeung gejala pléonasmé. Nepi ka ayeuna, can aya panalungtikan nu medar perkara kaéféktifan kalimah nu diungkulan ku modél pangajaran CIRC.

2.3 Hipotésis

1) Hipotésis Nol

H_0 ; $\mu_1 = \mu_2$ hartina modél pangajaran CIRC téh henteu éféktif pikeun digunakeun dina pangajaran nulis éséy siswa.

2) Hipotésis Alternatif

H_1 ; $\mu_1 \neq \mu_2$ hartina modél pangajaran CIRC téh éféktif pikeun digunakeun dina pangajaran nulis éséy siswa.

Aditya Ruganda, 2013

Modél CIRC (Cooperative Integrated Reading And Composition) Dina Pangajaran Nulis Éséy (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XII IPA 1 SMAN 6 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu